# ЖАҢА ЖЫЛЫҢЫЗ БЕНЕН, ӘЗИЗ ДОСЛАР!


# Еркин Қарақалпақстан

Елдиң бирлиги ҳәм абаданлығы ушын!

№1 (20867)
5-ЯНВАРЬ
2023-ЖЫЛ
ПИЙШЕМБИ

ГАЗЕТА 1924-ЖЫЛ НОЯБРЬДЕН ШЫҒА БАСЛАДЫ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ҲӘМ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ГАЗЕТАСЫ

http://erkinkarakalpak.uz
erkinkk@inbox.uz erkinkk@bk.ru


## ӨЗБЕКСТАН ХАЛҚЫНА ЖАҢА ЖЫЛ ҚУТЛЫҚЛАЎЫ

*Қәдирли ўатанласлар!*

*Сиз, әзизлерди, көп миллетли пүткил халқымызды кирип киятырған Жаңа жыл менен шын кеўлимнен қызғын қутлықлайман.*

*Ҳәммеңизге өзимниң жоқары ҳүрметим ҳәм жақсы тилеклеримди билдиремен.*

*2022-жылы машақатлы ҳәм мәртлик мийнетимиз бенен раўажланыў жолында әҳмийетли шеклерге еристик. Инсан қәдирин улығлаў, халқымызды разы етиў бойынша жаңа қәдемлер қойдық.*

*Дүньядағы оғада қурамалы жағдай, глобал кризиске қарамастан Өзбекстан экономикасы избе-из раўажланбақта.*

*Мийнеткеш дийқан ҳәм фермерлеримиз пидайы мийнет етип, мол өним жетистирди.*

*Санаат, қурылыс, санлы технологиялар, туризм тараўлары жедел раўажланбақта.*

*Қала ҳәм аўылларымыз, пүткил елимиз ҳәр тәреплеме абат болмақта.*

*Жаңа жумыс орынлары шөлкемлестирилип, халықтың дәраматлары ҳәм турмыс дәрежеси артпақта.*

*Жасларымыз халықаралық майданларда қәбилет ҳәм шеберлигин көрсетип, Ўатанымызды дүньяға танытпақта.*

*Халықтың ҳаўазы болған мәҳәлле-ниң турмысымыздағы орны ҳәм тәсири күшеймекте.*

*Ең әҳмийетлиси, елимизде тынышлық ҳәм турақлылық, миллетлер ҳәм динлер аралық татыўлық ҳүким сүрмекте.*

*Өзбекстанымыздың жәҳән жәмийетшилигиндеги абырайы жоқарыламақта.*

*Бул қутлы әййямда ерискен барлық жетискенликлеримиздиң дөретиўшиси болған сиз, әзиз ўатанласларыма, пүткил халқымызға және бир мәрте миннетдаршылық билдиремен.*

*Ҳүрметли дослар!*

*Мәмлекетимизде 2023-жылға **«Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы»** деп атама бердик.*

*Жаңа жылда инсанды қәдирлеў, пуқаралардың ҳуқықлары менен еркинликлерин, нызамлы мәплерин тәмийинлеўге қаратылған жумысларымызды жоқары басқышқа көтеремиз.*

*Перзентлеримиз сапалы тәлим-тәрбия алып, бәркамал шахс болыўы ушын баслаған жумысларымызды избе-из даўам еттиремиз.*

*Ҳүрметли ветеранларымыз, әзиз ҳаял-қызларымыз, сондай-ақ, жәрдемге мүтәж инсанлар ушын мүнәсип шараят жаратыў дыққатымыз орайында болады.*

*Илим, медицина, мәдений ҳәм көркем өнер тараўларының ўәкиллерин, муғаллим ҳәм тәрбияшыларды қоллап-қуўатлаўға үлкен әҳмийет қаратамыз.*

*Улыўмаластырып айтқанда, жанажан Ўатанымызда ҳеш бир инсан жәмийетимиз ҳәм мәмлекетимиздиң меҳири ҳәм итибарынан шетте қалмайды. Оның ушын бар күш ҳәм имканиятларымызды жумсаймыз.*

*Әзиз ҳәм қәдирли ўатанласларым!*

*Кеўиллеримиз пәк нийетлерге толып турған усы қуўанышлы демлерде сизлерди, пүткил халқымызды жаңа — 2023-жыл менен және бир мәрте шын кеўлимнен қутлықлайман.*

*Бәршеңизге саў-саламатлық, шаңарақларыңызға қут-берекет, шаңарақлық бахыт тилеймен.*

*Жаңа жылдың қәдеми қутлы келсин!*

*Бәрше жақсы нийетлеримиз әмелге ассын!*

*Елимиз тыныш, халқымыз аман болсын!*

*Жаңа жыл бәршемизге қутлы болсын!*

***Шавкат МИРЗИЁЕВ,***
***Өзбекстан Республикасы Президенти.***

## ХАЛҚЫМЫЗҒА ЖАҢА ЖЫЛ ҚУТЛЫҚЛАЎЫ

*Қәдирли ўатанласлар!*

*Әзиз дослар!*

*Сизлерди инсанлар қәлбине өзгеше қуўаныш, илҳам-йош, үмит ҳәм исеним бағышлап, бәршени және де үлкен дөретиўшилик ислерге руўхландырып атырған қутлы әййям — Жаңа жыл байрамы менен қызғын қутлықлайман.*

*Жуўмақланып атырған 2022-жылға нәзер таслар екенбиз, «Инсан қәдирин улығлаў ҳәм белсенди мәҳәлле жылы»нда инсан қәдир-қымбатын улығлаў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилгенин, мәҳәллелерде бурын болмаған кең көлемли қурылыс-абаданластырыў жумыслары алып барылғанының, социаллық-экономикалық турмысымыздың барлық тараўларында турақлы раўажланыўлардың гүўасы боламыз.*

*Әсиресе, ҳүрметли Президентимиз тәрепинен Қарақалпақстанға қаратылған жоқары итибар, қабыл етилген оғада әҳмийетли пәрман ҳәм қарарлар халқымыздың социаллық жасаў шараятларын жақсылаўға, инсанларды турмыстан разы етиўге, экономикамызды және де беккемлеўге, көплеген жеңилликлер менен имканиятларға беккем тийкар болмақта.*

*Барлық тараўларда реформалардың тереңлесип барыўы, исбилерменликти раўажландырыў бойынша жумыслардың және де жеделлесиўи, жаслар ҳәм ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў ислериниң жаңа басқышларға көтерилгени, «Меҳир ҳәрекети» шеңберинде жәрдемге мүтәж инсанлардың қоллап-қуўатланыўы — булардың барлығы халқымызға деген айрықша ғамқорлықтың көриниси саналады.*

*Изде қалып баратырған жылда халқымыздың ийгилиги жолында хызмет ететуғын бир неше кәрханалардың, социаллық-мәдений объектлердиң иске түскени, инфраструктураның жаңаланыўы елимизге шын мәнисиндеги жаңаланыў нәпесин алып келип, халқымыздың кеўил-кейпиятына унамлы тәсирин тийгизбекте. Атап айтқанда, Мойнақ районында жылына 50 мың кубометр ДСП ҳәм ЛДСП өнимлерин ислеп шығарыўшы «MUYNAK LDSP» кәрханасының иске түскени, Беруний районында жылына 50 мың тонна ун ислеп шығарыў қуўатына ийе «Беруний бийдай кластер» ун заводының жумыс баслағаны, Нөкис қаласында 2 мың тонна артемия цистасын қайта ислейтуғын «Sebu Artemia» кәрханасы ҳәм жылына 300 мың квадрат метр айна ҳәм есик рамаларын ислеп шығаратуғын «AKFA ASSEMBLY» кәрханасының ашылғаны, Кегейли районында жылына 2,4 миллион дана трикотаж өнимлерин ислеп шығаратуғын «AQTUBA TEX GROUP» текстиль кәрханасының пайдаланыўға тапсырылғаны, Қоңырат районында жылына 135 мың тонна натрий сульфат ҳәм натрий сульфит өнимлерин ислеп шығаратуғын «KKRASI Chemical» кәрханасының иске түскени турмысымызда жүз берген қуўанышлы ўақыялар қатарына киреди.*

*Және бир әҳмийетли тәрепи сонда, инфраструктура ҳәм социаллық объектлерде, сондай-ақ, көп қабатлы турақ жайларда ҳәм де мәҳәллелерде кең көлемли қурылыс-абаданластырыў жумыслары алып барылмақта. Соның ишинде Кегейли, Қанлыкөл ҳәм Қараөзек районларындағы «Жаңа Өзбекстан» массивлеринде баҳасы 169,7 миллиард сумлық 678 квартиралы 23 көп қабатлы турақ жайлар ҳәм де баҳасы 26,9 миллиард сумлық 3 мектеп, 3 балалар бақшасы ҳәм де 1 денсаўлықты сақлаў объектлери жаңадан қурылмақта.*

*Сондай-ақ, мәмлекетлик бағдарламалар тийкарында жаслар ушын 50 объект пайдаланыўға тапсырылған болса, қала ҳәм районларымызда 1241 квартиралы 30 турақ жайдың, соның ишинде Нөкис қаласында 16 этажлы 5 турақ жайдың курылыс жумыслары алып барылмақта.*

*Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 25-октябрьдеги «2022-2023-жылларда мәҳәллелер инфраструктурасын және де жақсылаў бойынша қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарары тийкарында 2022-2023-жыллары 252 мәҳәллениң инфраструктурасын жақсылаў жумыслары баслап жиберилди.*

*Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, ҳүрметли Президентимиздиң 2022-жыл 31-августтағы Қарақалпақстан ушын қабыл етилген тарийхый пәрманы халқымыздың абадан турмысын тәмийинлеўге, қала ҳәм районларымызда исбилерменликти және де раўажландырыўға, жасларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўға беккем тийкар болмақта. 2022-2023-оқыў жылында қарақалпақстанлы 500 жас жоқары оқыў орынларына қосымша квота тийкарында оқыўға қабыл етилгени, пенсия ҳәм напақа алыўшылар, майыплығы болған пуқаралар ушын темир жол ҳәм авиабилетлер сатып алыў ушын 50 процентлик жеңилликлер енгизилгени, исбилерменлик субъектлери ушын салық жеңилликлериниң берилгени сыяқлы көплеген илажлар инсан қәдирин улығлаўдың әмелий көриниси болып табылады.*

*Әлбетте, бундай кең көлемли жумыслар кеўиллерде мақтаныш сезимлерин оятыў менен бирге, инсанларды елимизде әмелге асырылып атырған ийгиликли ислерге үлес қосыўға руўхландырады.*

*Қәдирли ўатанласлар!*

*Ҳүрметли Президентимиз Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине ҳәм халқымызға жоллаған мүрәжатында келеси жылы елимизди раўажландырыўға хызмет ететуғын әҳмийетли бағдарлар бойынша анық ўазыйпаларды белгилеп берди ҳәмде бул ўазыйпалар «Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы»нда бәршени уллы ислерге баслайтуғынына беккем исенемиз.*

*Солай екен, жаңа жылда да халқымыздың турмыс дәрежесин жақсылаў, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, әсиресе кем тәмийинленген, жәрдемге мүтәж шаңарақларға жәрдем көрсетиў, жасларды ҳәм ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў, исбилерменликти жедел раўажландырыў сыяқлы бир қатар мәселелер тийкарғы ўазыйпаларымыздан болып қала береди.*

*Сизлерди және бир мәрте Жаңа жыл байрамы менен қызғын қутлықлап, бәршеңизге беккем денсаўлық, мол табыслар тилеймен!*

*Жаңа жыл ҳәр бир шаңараққа аманлық, берекет ҳәм қуўаныш алып келгей!*

*Елимиз тыныш, халқымыз ҳәмийше аман болсын!*

*Жаңа жылыңыз бәршеңизге қутлы мүбәрек болсын, әзиз заманласлар!*

***А.ОРЫНБАЕВ,***
***Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы.***

## ӨЗБЕКСТАН ХАЛҚЫНА ҲӘМ ПРЕЗИДЕНТИНЕ ҚЫЗҒЫН ҚУТЛЫҚЛАЎЛАР

**Жаңа — 2023-жыл кирип келиўи мүнәсибети менен Өзбекстан Президенти Шавкат Мирзиёевтиң атына сырт ел ҳүкиметлери ҳәм парламентлери, жетекши халықаралық ҳәм регионаллық шөлкемлер, белгили мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткерлерден қызғын қутлықлаўлар келмекте.**

Қутлықлаўларда мәмлекетимиз жетекшисиниң басшылығында Жаңа Өзбекстанды қурыў бойынша әмелге асырылып атырған реформалар ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатланған, алып барылып атырған ашық ҳәм прагматикалық сыртқы сиясаттың нәтийжелилиги атап өтилген.

Өзбекстанның көп миллетли халқына жаңа табыслар ҳәм абаданлық, тынышлық-татыўлық ҳәм раўажланыў тилеклери билдирилген.

Соның ишинде, төмендегилер өз қутлықлаўларын жоллаған:

Россия Федерациясы Президенти **Владимир Путин**;

Қытай Халық Республикасы Баслығы **Си Цзиньпин**;

Қазақстан Республикасы Президенти **Қасым-Жомарт Тоқаев**;

Тәжикстан Республикасы Президенти **Эмомали Раҳмон**;

Қырғыз Республикасы Президенти **Садир Жапаров**;

Түркменстан Президенти **Сердар Бердимуҳамедов**;

Түркменстан Миллий Кеңеси Халық Мәсләҳәти Баслығы **Гурбангули Бердимуҳамедов**;

Әзербайжан Республикасы Президенти **Илҳам Алиев**;

Беларусь Республикасы Президенти **Александр Лукашенко**;

Ҳиндстан Республикасы Бас министри **Нарендра Моди**;

Египет Араб Республикасы Президенти **Абдулфаттоҳ ас-Сиси**;

Корея Республикасы Президенти **Юн Сок Ёль**;

Германия Федеративлик Республикасы Президенти **Франк-Вальтер Штайнмайер**;

Уллыбритания ҳәм Шығыс Ирландия Бирлескен Патшалығының Бас министри **Риши Сунак**;

Италия Республикасы Президенти **Серджо Матарелла**;

Польша Республикасы Президенти **Анджей Дуда**;

Латвия Республикасы Президенти **Эгилс Левитс**;

Сингапур Республикасы Президенти **Ҳалима Ёқуб**;

Монголия Президенти **Ухнаагийн Хурэлсух**;

Лаос Халық-Демократиялық Республикасы Президенти **Тхонглун Сисулит**;

Иордания Ҳошимийлар Патшалығының Патшасы **Абдулла II**;

Кувейт Мәмлекети Әмири **Наваф ал-Ахмад ал-Жобир ас-Сабоҳ**;

Ирак Республикасы Президенти **Абдуллатиф Рашид**;

Палестина Мәмлекети Президенти **Маҳмуд Аббос**;

Жаңа Зеландия Генерал-губернаторы **Синди Киро**;

Сан-Марино Республикасы капитан-регентлары **Мария Луиза Берти ҳәм Мануэль Чаватта**;

Россия Федерациясы Ҳүкимети Баслығы **Михаил Мишустин**;

Россия Федерациясы Федерал Мажлиси Федерация Кеңеси Баслығы **Валентина Матвиенко**;

Қытай Халық Республикасы Баслығының орынбасары **Ван Цишань**;

Қытай Халық Республикасы Мәмлекетлик кеңеси Бас министри **Ли Кэцян**;

Шанхай бирге ислесиў шөлкеминиң бас хаткери **Чжан Мин**;

Ғәрезсиз Мәмлекетлер Дослық Аўқамының Атқарыў комитетиниң баслығы-Атқарыўшы хаткер **Сергей Лебедев**;

Экономика раўажланыў шөлкеминиң бас хаткери **Ҳусрав Нозирий**;

Түркий мәмлекетлер шөлкеминиң бас хаткери **Кубаничбек Омуралиев**;

Арқа Атлантика шәртнамасы шөлкеминиң бас хаткери **Йенс Столтенберг**;

Жәҳән туризм шөлкеминиң бас хаткери **Зураб Пололикашвили.**

**Қутлықлаўлар келиўи даўам етпекте.**

## РАЎАЖЛАНЫЎДЫҢ ТЫРНАҚ ТАСЫ ИЛИМ ҲӘМ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯДА

**Президент Шавкат Мирзиёев 29-декабрь күни Халықаралық конгресс орайында «Билимлендириўдиң сапасын арттырыў — Жаңа Өзбекстан раўажланыўының birден-бир дурыс жолы:» темасындағы заманагөй сабақлықлар көргизбеси менен танысты.**

Раўажланыўдың тырнақ тасы да, мәмлекетти қүдиретли, миллетти уллы ететуғын күш те илим, тәлим-тәрбия, деген еди Шавкат Мирзиёев. Соның ушын бул тараўдың барлық басқышлары түп-тийкарынан реформаланып, комплексли раўажландырылмақта. Мәмлекетимиздиң Раўажланыў стратегиясындағы төртинши тийкарғы бағдар мине, усы билимлендириў тараўын, инсан капиталын раўажландырыўға қаратылған. Оған сәйкес түрде 2023-жылға — Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы, деп ат берилди.

Билимлендириўдиң сапасын арттырыў, балаларды оқыўға қызықтырыўдың әҳмийетли факторы, биринши гезекте, жақсы сабақлық. Мәмлекетимиз басшысының 2019-жыл 29-апрельдеги пәрманы менен тастыйықланған Халық билимлендириў системасын 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясында оқытыў методикасын жетилистириў ўазыйпалары белгиленген еди. Соған муўапық, өткен үш жыл даўамында сабақлықларды жаңалаў бойынша жумыс алып барылды. Арнаўлы жумысшы топар тәрепинен алдыңғы сырт ел методикасы тийкарында 1-4-класс китаплары жаңадан таярланды.

Көргизбеде мәмлекетимиз басшысына бул сабақлықлардың мазмуны ҳаққында мағлыўмат берилди. Олар XXI әсир адамы ушын ең зәрүр болған «4K» көнликпеси бойынша ислеп шығылған (критикалық пикирлеў, креативлик, коллаборация, коммуникация). Яғный, бул оқыўшыларда сын көзқарастан пикирлеў, дөретиўшилик қатнас, жәмәәтте ислесиў ҳәм қарым-қатнас көнликпелерин қәлиплестиреди.

(Даўамы 2-бетте).

## ҲҮКИМЕТ ҲӘМ МИНИСТРЛИКЛЕР АЛДЫНДАҒЫ ӘҲМИЙЕТЛИ ЎАЗЫЙПАЛАР БЕЛГИЛЕП БЕРИЛДИ

**Президент Шавкат Мирзиёевтиң басшылығында 30-декабрь күни ҳәкимшилик реформаларды әмелге асырыў, Ҳүкимет қурамы ҳәм жумыс системасын өзгертиў мәселелери, мәмлекетти социаллық-экономикалық раўажландырыў бойынша 2023-жылдағы ең әҳмийетли ўазыйпалар бойынша мәжилис өткерилди.**

Мәжилис алдында ҳәкимшилик реформалардан келип шығып, Президент пәрманлары менен қарарларына муўапық, лаўазымларға жаңадан тайынланған Бас министрдиң орынбасарлары ҳәм министрлер жәрияланды. Олар жуўапкер болған тараўлардағы әҳмийетли мәселелер, халқымыз алдындағы жуўапкершилиги көрсетип өтилди.

Жылдың қыйын болғанына қарамастан, экономикада унамлы нәтийжелерге ерисилгени атап өтилди. Атап айтқанда, усы жылы жалпы ишки өним көлеми 5 проценттен жоқары пәтте артқан. Экспорт көлеми 14 процентке өсип, 19 миллиард долларды қураған. Экономикаға 8 миллиард доллар тиккелей сырт ел инвестициялары кирип келген.

Социаллық тараўда халықтың бәнтлигин арттырыў ҳәм турмыс дәрежесин жақсылаў мақсети тийкар болып қалмақта. Быйыл тарийхымызда биринши мәрте пенсия ҳәм социаллық напақалар муғдары минимал тутыныў қәрежетлеринен аз болмаған дәрежеге шықты. Мәҳәллелер инфраструктурасын жақсылаў, халықты узақ жыллар қыйнап келген мәселелерди шешиўге үлкен қаржылар қаратылды. 2 миллионнан артық кем тәмийинленген шаңарақларға социаллық жәрдем берилмекте. Аймақларда билимлендириў ҳәм медицина дәргайлары, ишимлик суўы тармақлары, жоллар қурылмақта.

Мәжилисте келеси жылы да экономиканың турақлы өсимин тәмийинлеў бойынша ўазыйпалар додаланды. Атап айтқанда, санаатта 5 проценттен, аўыл хожалығында 3 проценттен ҳәм хызметлер тараўында 14 проценттен артық өсимге ерисиў мақсети белгиленди.

Экономика ҳәм қаржы министрлигине бизнес ушын шараятларды жақсылаў ҳәм салық базасын кеңейтиў, халықтың сатып алыў қәбилетин арттырыў бойынша тапсырмалар берилди.

Инвестициялар, санаат ҳәм саўда министрлигине ири тармақларда нәтийжелиликти арттырыў, санаат бармаған районлардың потенциалын үйренип, олардың «өсиў ноқатлары»н иске қосыў ўазыйпалары қойылды. Экономиканы тек ғана инвестиция ҳәм экспорт алдынға тартыўы, келеси жылы экспорт көлемин 23 миллиард доллардан арттырыў зәрүр екенлиги атап өтилди. Улыўма баҳасы 8 миллиард долларлық 300 ден аслам жойбар иске қосылатуғыны ҳәм және 40 ири жойбар басланатуғыны атап өтилди.

Транспорт тараўында жолаўшы тасыў хызметлерин жақсылаў, барлық жоллардың санлы картасын ислеп шығыў, жолларда сервисти көбейтиў илажлары белгиленди.

Сондай-ақ, билимлендириўдиң сапасын арттырыў, илим, туризм, мәдений ҳәм спортты раўажландырыў мәселелерине де итибар қаратылды. Денсаўлықты сақлаў ҳәм фармацевтикада коррупцияны жоқ етиў, мәмлекет қарамағына мүтәж наўқаслар менен системалы ислесиў зәрүр екенлиги атап өтилди.

— Министрлер излениўи, пүткил системасы менен әмелде өзгерис ислеўи керек. Ҳәммемиз әпиўайы ҳәм пидайы болып, халықты сүйип, қатты мийнет етиўимиз зәрүр. Мақсетимиз — халқымызды разы етиў,-деди Президент.

Сын көзқарас руўхында болып өткен мәжилисте усы жылы жол қойылған кемшиликлер көрсетип өтилип, тийисли илажлар белгиленди.

**ӨзА.**

# САМАРҚАНД ЎӘЛАЯТЫНЫҢ ТУРИЗМ ҲӘМ ТРАНСПОРТ ПОТЕНЦИАЛЫНАН НӘТИЙЖЕЛИ ПАЙДАЛАНЫЎ, ЎӘЛАЯТТЫ «САМАРҚАНД-ЖАҢА ӨЗБЕКСТАННЫҢ ТУРИЗМ ДӘРЎАЗАСЫ» КОНЦЕПЦИЯСЫ ТИЙКАРЫНДА РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ БОЙЫНША ҚОСЫМША ИЛАЖЛАР ҲАҚҚЫНДА

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПРЕЗИДЕНТИНИҢ ҚАРАРЫ

Самарқанд ўәлаятына сырт ел ҳәм жергиликли туристлер ағымын көбейтиў, жаңа туризм инфраструктурасы объектлериниң потенциалынан нәтийжели пайдаланыў ушын зәрүр шараятларды жаратыў, сондай-ақ, жаңадан модернизацияланған Самарқанд халықаралық аэропортында сырт ел авиақатнасыўшы компаниялар ушын барлық имканиятларды жаратыў, аймақтың транспорт-логистика системасын раўажландырыў, көрсетилип атырған хызметлер сапасын және де жақсылаў ҳәм диверсификациялаў мақсетинде:

1. 2021-жыл 30-ноябрь — 3-декабрь күнлери Испания Патшалығының Мадрид қаласында болып өткен БМШтың Пүткил жер жүзилик туризм шөлкеми Бас Ассамблеясының 24-сессиясында 2023-жылы **Бас Ассамблеяның гезектеги 25-сессиясын Самарқанд қаласында өткериў белгиленгенлиги** мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги, Транспорт министрлиги, Экономикалық раўажланыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министрлиги, Самарқанд ўәлаяты ҳәкимлиги ҳәм «Өнермент» ассоциациясының:

республика аймақларында сырт еллерде Самарқандтың туризм потенциалы ҳәм Самарқанд халықаралық аэропорты (кейинги орынларда — Аэропорт) имканиятларын көрсетиўши **«Самарқанд-Жаңа Өзбекстанның туризм дәрўазасы»** үгит-нәсиятлаў компаниясын жолға қойыў;

Самарқанд ўәлаятын авиа, темир жол ҳәм автомобиль транспорты менен байланыстырған сондай-ақ, Аэропортты республика аймақлары менен байланыстырыў имканиятын бериўши **ири транспорт-логистика хабына** айландырыў;

Аэропортта сырт ел авиатасыўшылар ушын **оптималь жайластырыў (базировка) системасын** енгизиў;

Самарқанд ўәлаятындағы туристлик объектлердиң жумысын **қосымша қоллап-қуўатлаў системасын** жолға қойыў ҳаққындағы усыныслары мақуллансын.

3. а) Аэропортта:

2030-жыл 1-январьға шекем **сырт ел авиакомпанияларының пәрўазларын әмелге асырыў** ушын Аэропортты басқарыў бойынша жеке меншик шерик (кейинги орынларда — жеке меншик шерик) де **руқсатнама алыў ушын** Транспорт министрлиги жанындағы Пуқара авиациясы агентлигине **илтимас хаты** менен мүрәжат ететуғыны;

**ушыў ушын руқсатнаманы бериў мәселеси** Транспорт министрлиги жанындағы Пуқара авиациясы агентлиги тәрепинен авиақатнаўларды әмелге асырыў ушын сырт ел авиакомпаниялары тәрепинен берилген ҳүжжетлер тапсырылған күннен баслап **көби менен 96 саат даўамында, чартер пәрўазлар ушын болса 24 саат даўамында** көрип шығылады;

туристлерге хызмет көрсетиў ушын **туризм мәлимлеме орайлары** шөлкемлестирилетуғыны;

б) Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 30-апрельдеги «Пуқара авиациясы кәрханаларын трансформациялаў ҳәм қоллап-қуўатлаў илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-5100-санлы қарары 12-бәнтиниң қағыйдалары жеке меншик шерикке де қолланылатуғыны;

в) **2026-жыл 1-январьға шекем** исбилерменлик субъектлери:

белгиленген тәртипте қәлиплестирилетуғын дизимлерге тийкарланып 4 жулдызлы ҳәм оннан жоқары категорияға ийе болған мийманхананы шөлкемлестириў ҳәм ямаса жумысын әмелге асырыў ушын әсбап-үскенелер, арнаўлы техникалар, жанылғы-майлаў материаллары, комплектлеўши буйымлар, аўысық бөлеклер, шийки зат ҳәм материаллар, өсимликлер, мебель, инвентарьлар ҳәм басқа да зәрүр болған товарларды алып киргенде бажыхана бажысын төлеўден;

Самарқанд туристлик орайының аймағында объектлерди қурыў ушын «ўақтынша алып кириў» бажыхана режимине алып кирилетуғын арнаўлы техникалар, механизмлер ҳәм технологиялық үскенелер ушын дәўирлик бажыхана төлемлерин төлеўден азат етилетуғыны белгиленсин.

4. Самарқанд ўәлаятының Пайариқ, Самарқанд ҳәм Тойлоқ районлары Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 27-январьдағы ПҚ-104-санлы қарары менен тастыйықланған Мийманхана (жайластырыў), саўда, улыўма аўқатланыў, кеўил ашар, туроператор ҳәм турагент хызметлерин көрсетип атырған исбилерменлик субъектлери ушын арнаўлы салық режими енгизилетуғын район ҳәм қалалар дизимине киргизилсин.

Халық депутатлары Самарқанд ўәлаяты Кеңесине Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги ҳәм Экономикалық раўажланыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министрлигиниң аймақлық бас басқармаларының жуўмақлары тийкарында Пайариқ, Самарқанд ҳәм Тойлоқ районларында туристлик зона шегараларын белгилеў усыныс етилсин.

5. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги **үш ай мүддетте**:

2023-жылы Самарқанд қаласында Пүткил жер жүзилик туризм шөлкеми **Бас Ассамблеясының 25-сессиясын** (кейинги орынларда — Бас Ассамблея 25-сессиясы) **жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм өткериўди**;

**«Самарқанд-Жаңа Өзбекстанның туризм дәрўазасы»** үгит-нәсиятлаў компаниясын шөлкемлестириў ҳәм Пүткил жер жүзилик шөлкеми менен келисим тийкарында **Бас Ассамблея 25-сессиясының логотипин** ислеп шығыўды;

2023-жылы Самарқанд қаласында өткерилетуғын илажлар ҳәм әнжуманлар графигин ҳәм 2024-жылы Хийўа қаласы «Ислам дүньясының туризм пайтахты» сондай-ақ, Шаҳрисабз қаласы «Экономикалық бирге ислесиў шөлкеми туризм пайтахты» статусын алғанлығы мүнәсибети менен өткерилетуғын илажлар режесин тастыйықлаўды нәзерде тутыўшы қарар жойбарларын ислеп шықсын ҳәм Министрлер Кабинетине киргизсин.

Бас Ассамблея 25-сессиясын өткериў менен байланыслы қәрежетлер Министрлер Кабинетиниң резерв қорының қаржылары;

«Самарқанд — Жаңа Өзбекстанның туризм дәрўазасы» үгит-нәсиятлаў компаниясын шөлкемлестириў ҳәм Бас Ассамблея 25-сессиясының логотипин таярлаў менен байланыслы қәрежетлер Мәмлекетлик бюджеттен Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги жанындағы бюджеттен тысқары Туризмди қоллап-қуўатлаў қорына ажыратылатуғын қаржылар есабынан әмелге асырылатуғыны белгиленсин.

6. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги Транспорт министрлиги ҳәм «Uzbekistan Airports» АЖ менен биргеликте 2023-жылдың биринши шерегинде қәнигелестирилген компанияларды тартқан ҳалда Самарқанд қаласында «**Aviation & Logistics Forum» II халықаралық авиация форумының** өткерилиўин тәмийинлесин.

7. «Uzbekistan Airports» АЖ жеке меншик шерик пенен биргеликте **бир ҳәпте мүддетте** слотларды тастыйықлаў ҳаққындағы регламентти ислеп шығып, тастыйықласын. Онда, авиакомпаниялардың пәрўазларды әмелге асырыўды режелестириў ушын арзалары (сораўлары) «Uzbekistan Airports» АЖ тәрепинен жеке меншик шерик пенен келисилгеннен соң ўәкилликли уйымға берилиў нәзерде тутылсын.

8. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги Мәмлекетлик бажыхана комитети менен биргеликте **еки ай мүддетте** Самарқанд туристлик орайының аймағында сырт ел шахслары ушын бажы алынбайтуғын саўда дүканларын шөлкемлестириўди тәмийинлесин.

9. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги Мәдeният министрлиги, Қаржы министрлиги ҳәм Самарқанд ўәлаяты ҳәкимлиги менен биргеликте **еки ай мүддетте** Самарқанд туристлик орайы аймағында музейлер, галереялар, мәдений-тамаша ҳәм мәдений-ағартыўшылық шөлкемлер сондай-ақ, туристлерди тартатуғын басқа да кеўил ашар ҳәм спорт орынларын шөлкемлестириў бойынша Өзбекстан Республикасы Президенти Администрациясына усыныс киргизсин.

10. Транспорт министрлиги:

а) 2023-жыл 1-сентябрьге шекем исбилерменлик субъектлери ҳәм инвесторларды тартқан ҳалда қалалар аралық ҳәм халықаралық жөнелислерде автобус (микроавтобус) қатнаўларын мәлимлеме технологиялары арқалы жолға қойыўға қаратылған системаны жаратсын. Онда, қалалар аралық ҳәм халықаралық жөнелислерде автобус (микроавтобус) «Uzbus» платформасында сатып алыў тәртиби;

халықтың қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәм ҳәзирги қалалар аралық ҳәм халықаралық жөнелислер бойынша автобуслардың өз ўақтында ҳәрекетленип атырғанын мониторинг етиў мақсетинде GPS қурылмаларын орнатыў ҳәм мониторинг етиў бирден-бир платформаны жаратыў нәзерде тутылсын;

«Uzbekistan airways» АЖ менен биргеликте 2023-жыл 1-январьға шекем юридикалық шахслар тәрепинен жеке кабинет арқалы топар ҳүжжетлерин рәсмийлестириў ҳәм мобиль қосымшалар арқалы билетлер бар екенлигин бақлаў ҳәм онлайн саўдасы көлемин арттырыў илажларын көрсин;

в) «Uzbekistan Airports» АЖ ҳәм жеке меншик шерик пенен биргеликте Аэропортта авиатасыўшылар ушын оптималь жайластырыў системасын енгизиў илажларын көрсин;

г) Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги ҳәм Сыртқы ислер министрлиги менен биргеликте **бир ай мүддетте** зыярат туризмин раўажландырыў ҳәм туристлер санын мақсетли көрсеткишлерде белгиленген муғдарларға жеткериў ушын Индонезия, Малайзия, Япония, Бангладеш мәмлекетлеринен келип атырған туристлерди тартыў мақсетинде сырт ел ҳәм мәмлекет авиакомпаниялары тәрепинен халықаралық аэропортларда енгизилген «Ашық аспан» режими шеңберинде авиапәрўазларды әмелге асырыўды нәзерде тутыўшы қарар жойбарын ислеп шығып, Министрлер Кабинетине киргизсин.

11. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги:

Министрлер Кабинети жанындағы Дин ислери бойынша комитети, Транспорт министрлиги ҳәм Сыртқы ислер министрлиги менен биргеликте **зыярат туризми бағдарламасы бойынша сырт ел компанияларын кеңнен тартыў**;

«Uzbekistan Airports» АЖ ҳәм жеке меншик шерик пенен биргеликте **2023-жыл 1-февральға шекем Аэропортта туризм мәлимлеме орайын шөлкемлестириў** илажларын көрсин.

12. Инвестициялар ҳәм сыртқы саўда министрлиги жанындағы Тарифлик ҳәм тарифлик емес тәртипке салыў кеңеси (Ж.Ходжаев) **еки ҳәпте мүддетте** импорт етилетуғын алкоголь өнимлери ушын белгиленген бажыхана төлемлериниң ставкаларын қайта көрип шығып, усыныс киргизсин.

13. Өзбекстан Республикасы Президентиниң ҳәм Өзбекстан Республикасы Ҳүкиметиниң айырым қарарларына қосымшаға муўапық өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилсин.

14. Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги Транспорт министрлиги ҳәм мәпдар министрликлер ҳәм уйымлар менен биргеликте **еки ай мүддетте** нызамшылық ҳүжжетлерине усы қарардан келип шығатуғын өзгерислер ҳәм қосымшалар ҳаққында Министрлер Кабинетине усыныслар киргизсин.

15. Усы қарардың орынланыўын нәтийжели шөлкемлестириўге жуўапкер етип транспорт министри И.Р.Маҳкамов, туризм ҳәм мәдений мийрас министриниң орынбасары Б.Ибрагимов ҳәм Самарқанд ўәлаяты ҳәкими Э.О.Турдимов белгиленсин.

Қарардың орынланыўын додалап барыў, жуўапкер шөлкемлердиң жумысын муўапықластырыў ҳәм қадағалаў Бас министрдиң орынбасарлары А.Ж.Раматовқа ҳәм А.А.Абдухакимовқа жүкленсин.

Әмелге асырылып атырған илажлар нәтийжелилиги бойынша 2023-жыл 31-декабрьге шекем ҳәр шеректе Өзбекстан Республикасы Президентине мәлимлеме берип барылсын.

**Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.МИРЗИЁЕВ.**
Ташкент қаласы,
2022-жыл 24-декабрь.

# РАЎАЖЛАНЫЎДЫҢ ТЫРНАҚ ТАСЫ ИЛИМ ҲӘМ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯДА

**(Даўамы. Басы 1-бетте).**

Жаңа сабақлықларды таярлаўда PISA, PIRLS, TIMSS, EGMA, EGRA сыяқлы халықаралық бағдарламалардағы үлги ўазыйпалар тийкар етип алынған. Сабақлық пенен бирге шығыў дәптерлери, муғаллимлер ушын методикалық қолланбалар да басып шығарылған. Сондай-ақ, бул системаға Estudy электрон билимлендириў платформасы интеграцияланған. Оннан сабақ ўақтында да, бос ўақытта да пайдаланыў мүмкин.

Итибарлы тәрепи, усыныс етилген сабақлықлардың бир бөлими, атап айтқанда, сүўретлеў көркем өнери, өзбек тили ҳәм музыкалық саўатлылық бойынша китаплар кеңейтилген реаллық технологияларынан пайданылған ҳалда ислеп шығылған. Бул оқыўшыларды илимге және де көбирек қызықтырыў ҳәм ҳәзирги жас өспиримлер турмысында әҳмийетли болған гаджетлерди пайдалы қуралға айландырыў мақсетинде ислеп шығылған. Кеңейтилген реаллық қосымшасы 1 мәрте жүклеп алынады ҳәм офлайн режиминде ислейди.

Президент жаңа сабақлықлар менен танысып, олардың мазмуны бойынша усыныслар берди.

— Дүнья педагогларының тәжирийбесинен пайдаланған жақсы. Соның менен бирге, сабақлықларда миллий идея, ата-бабаларымыздың мийрасы да болыўы керек. Мәселен, жадид бабаларымыз билимлендириў бойынша қанша жумыслар ислеген?! Жақында Элбек **устазды** оқыдым. «Қыз баланы оқытқан мәмлекет пүткил жәмийетти оқытқан болады» деп жазған екен. Бизиң сабақлықларымызда бундай гәплер жоқ. Не демекшимен? Жаңа сабақлықларды сондай жетик таярлаў керек, кейин ала оған және қайтпайық. Ҳәзирги күнги билимлендириў қырық жылдан кейин биз туўралы сөйлейди,-деди Шавкат Мирзиёев.

Сабақлықларды әмелде қолланыў мәселесине де тоқтап өтилди.

Бул жаңа сабақлықлар халықаралық экспертизадан өткерилип, пайтахтымыздағы 134 мектепте сынап көрилди. Дәслепки нәтийжелерге бола, олар тийкарында оқытылған оқыўшылардың өзлестириў дәрежеси 88 процентти қурады. Әмелдеги бағдарлама бойынша болса бул тек ғана 67 процент. Көргизбеде усы сабақлық сынақтан өткерилген баслаўыш класс сабағы көрсетилди. Бул мектепте инклюзив билимлендириў системасы тийкарында айрықша мүтәжлиги бар оқыўшылар ушын да барлық балалар менен бирге сабақ алмақта.

Мәмлекетимиз басшысы муғаллим ҳәм балалар менен сәўбетлести.

Президентимиз билимлендириў көргизбеси шеңберинде бир топар мектеп муғаллимлери менен ушырасты.

Шавкат Мирзиёев президентлик жумысының дәслепки күнлеринен-ақ елимиздеги машқалалардан бири сыпатында кадрлар мәселесин көрсеткен еди. Кейинги жыллары қайсы тараўда реформалар, үлкен жойбарлар болмасын, әлбетте, оған сәйкес қәнигелер таярлаў да күн тәртибине шығады.

— Ҳәмме ҳәрекетлеримиздиң астында билимлендириў бар. Қайсы аймаққа барсам, жаслар менен, үлкен-үлкен кәрханалардағы жумысшылар менен сөйлесемен. Олардан «Сизди не қыйнайды» деп сорасам, билим жетиспейтуғынлығын айтады. Раўажланған мәмлекетлер ҳәзирги экономикасына қалай ерискен? Билим есабынан: Соның ушын бәринен бурын билимлендириўди жақсылаўға ҳәрекет етип атырмыз. 2023-жылға — Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы, деп атама бердик. Енди мектеплеримизге пүткиллей жаңа орталық ҳәм сапа кирип келиўи керек,-деди Президент.

Ҳәммемизге белгили, мәмлекетимизде социаллық мәмлекет қурылмақта. Кейинги жыллары жүзлеген мектеплер қурылды. 500 мың оқыўшы ушын қосымша орынлар жаратылды. 7 мыңнан аслам заманагөй компьютер ханалары шөлкемлестирилди.

Шараят пенен бирге билимлендириўдиң мазмунын, методологияны өзгертиў илажлары көрилмекте. Биринши басқышта баслаўыш класс сабақлықлары жаңаланбақта.

Мәмлекетимиз басшысы бул жумыслар мектеп билимлендириўи бойынша улыўмалық стратегияның бир бөлеги екенин, сапа ҳәм нәтийжелилик көп тәреплеме муғаллимге байланыслы екенлигин атап өтти.

— Мен не ушын муғаллимниң жәмийеттеги абырайы ҳәм статусын арттырыў керек, деп көп айтаман, - деди Шавкат Мирзиёев. — Себеби балаларымыз қәлбиниң ҳақыйқый архитекторы, инженери муғаллимлер болып табылады. Соның ушын педагогларды материаллық ҳәм руўхый қоллап-қуўатлаў бәрқулла дыққат орайында болады. Оларды сабақтан басқа жумысларға тартыў — бул мәмлекетке, келешекке қыянет, деп баҳаланыўы керек. Муғаллимге ҳүрметсизлик — бул халқымызға, жәмийетимизге ҳүрметсизлик.

Президент Конституция ҳәм нызамларда муғаллимниң дәрежесин, ҳуқықлары менен мәплерин анық белгилеў зәрүр екенлигин және бир мәрте атап өтти.

— Сондай жәмийет қурыўымыз керек, муғаллимшилик ең абырайлы кәсип болыўы керек! Бул жолда биз, бәринен бурын, өз өмирин жас әўлад тәрбиясына бағышлаған мыңмыңлаған устаз ҳәм тәрбияшыларға сүйенемиз! Устазларды қәдирлеген жәмийет ҳеш қашан кем болмайды, өз мақсетлерине, әлбетте жетеди. Бир ҳақыйқатты ҳеш қашан умытпаң: халқымыз өз келешегин сизлерге исенип тапсырған. Келешегимиз қандай болыўы, бәринен бурын, сизлерге байланыслы. Бул жолда Президент сизлерди ҳәмийше қоллап-қуўатлайды, - деп атап өтти Шавкат Мирзиёев.

Жаслардың тәлим-тәрбиясында ата-аналар жуўапкершилигин арттырыў әҳмийетли екенлиги атап өтилди.

Сәўбетлесиўде муғаллимлер педагогика бағдарындағы жоқары билимлендириў мәкемелеринде кадрлар таярлаў сапасын арттырыў, мектеплерге шет тили ийелерин тартыў, жасларды кәсипке бағдарлаў бойынша пикир-усынысларын билдирди.

Сөзиниң жуўмағында мәмлекетимиз басшысы муғаллимлерди кирип киятырған жаңа 2023-жыл менен қутлықлап, мақтанышлы ҳәм жуўапкершиликли жумысында күш-ғайрат тиледи.

**Зиёдулла ЖОНИБЕКОВ,**
**ӨзАның хабаршысы.**

ИНСАН. ЖӘМИЙЕТ. НЫЗАМ.

# ТЕРГЕЎ СИСТЕМАСЫНДАҒЫ ҚОЛАЙЛЫЛЫҚЛАР

Соңғы жылларда мәмлекетимизде суд-ҳуқық тараўында заманагөй мәлимлеме технологияларды енгизиў бойынша салмақлы жумыслар әмелге асырылды. Әсиресе, суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары жумысларын санластырыў арқалы олардың ашықлығы тәмийинленип, пуқаралық жәмийети институтлары, ғалаба хабар қураллары ҳәм кең жәмийетшилик пенен ажыралмас шериклик жолға қойылды.

Соның менен бирге, бүгинги күнде тийисли министрлик ҳәм уйымлардың мәлимлеме системалары өз-ара интеграция етилмегенлиги себепли дәслепки тергеў уйымлары тәрепинен жынаятлар ҳаққында хабарларды көрип шығыў ҳәм жынаят ислерин жүргизиўде мағлыўматлар алмасыўының нәтийжели жолға қойылмастан қағаз формасында әмелге асырып келинген еди.

Соған көре, усы жылы Президентимиз тәрепинен ПҚ-105 санлы қарары қабыл етилип, усы қарар менен исти судқа шекем жүргизиў басқышында жынаятқа байланыслы арзалар, хабарлар ҳәм басқа мағлыўматларды көрип шығыў ҳәм жынаят иси бойынша сорастырыў ҳәм дәслепки тергеўди әмелге асырыў ушын зәрүр болған мағлыўматлардың тезлик пенен алыныўын тәмийинлеў ушын мәмлекет уйымлары ҳәм де шөлкемлерге электрон ҳүжжет көринисинде жибериў белгиленген. Сондай-ақ, оларға жуўапларды усы тәризде қабыл етиў, жынайый ҳәрекетлер ақыбетинде жеткерилген материаллық зыянды қаплаў илажларын көриў ҳәм оның нәтийжелилигин асырыў мақсетинде гүман етилиўши айыпланыўшының мал-мүлкин хатлаў, сондай-ақ, излеў жәрияланған айыпланыўшылардың қарсысына нызамшылық ҳүжжетлеринде белгиленген шеклеў илажларын мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда өз ўақтында әмелге асырыў тапсырылды.

Бирден-бир тергеў мағлыўмат системасы Бас прокуратураның мағлыўматларды қайта ислеў орайы серверлеринде сақланады.

Усы қарар менен Бас прокуратура ҳәм ишки ислер министрлигине бирден-бир тергеў мағлыўмат системасы шеңберинде шериклик етиўши шөлкемлер дизимин тийисли министрлик ҳәм уйымлар менен келисken ҳалда кеңейтиў ҳуқықы берилди. Яғный, электрон сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў бирден-бир тергеў мағлыўмат системасы шеңберинде сорастырыў ҳәм тергеў уйымлары менен электрон шерикликти әмелге асырыўшы жәми 29 мәмлекетлик уйымлары ҳәм шөлкемлери менен мағлыўмат алмасыўы жолға қойылды.

Бунда банк сырын пайда етиўши мағлыўматлар сорастырыў яки тергеў уйымларына сорастырыўшы ямаса тергеўшиниң тийкарланған қарарына муўапық прокурор санкциясы менен электрон ҳүжжет тәризинде усыныўы белгилеп берилди.

Бирден-бир тергеў мағлыўмат системасы менен мәмлекетлик уйымлары ҳәм шөлкемлердиң мағлыўмат системасын өз-ара интеграция етиў арқалы физикалық ҳәм юридикалық шахслар ҳаққындағы бар болған мағлыўматлар сорастырыў ҳәм тергеў уйымларының электрон сораўы бойынша бийпул тийкарда усынылады.

Сорастырыў ҳәм тергеў уйымларының мағлыўмат дизимлери ресурслары ҳәм мағлыўматлар базаларын раўажландырыў, оларды мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлер мағлыўмат дизимлери менен интеграция етиў Бас прокуратура ҳәм ишки ислер министрлиги ҳәм де орай тәрепинен тәмийинленеди.

Жуўмақлап айтқанда, усы қарар менен сорастырыўшы ҳәм тергеўшилерге ҳәр қандай тергеўге шекем тексериў яки болмаса жынаят иси шеңберинде анықланыўы лазым болған мағлыўматларды тийисли уйымға барып отырмастан, ўақыт сарпламастан белгиленген электрон база арқалы анықлық киргизиў имканы берилди.

**А.САРЫЕВ,**
**Нөкис қаласы ИИО ЖМБ жанындағы Тергеў бөлимшеси баслығы, майор.**

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАБАР АГЕНТЛИГИ ХАБАРЛАРЫ

# ЖАҢА ЖЫЛ АЛДЫНДА 31 ШАҢАРАҚ ТУРАҚ ЖАЙЛЫ БОЛДЫ




**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Аманбай Орынбаев Нөкис қаласындағы аўыр турмыс шараятында жасап атырған, майыплығы болған, бағыўшысын жоғалтқан ҳәм басқада социаллық қорғаўға мүтәж 31 шаңараққа турақ жай имаратының гилтлерин тапсырды.**

Нөкис қаласы А.Утепов көшесиндеги көп қабатлы турақ жайдың бүгинги күнде екинши қабаты пуқаралар жасаўы ушын қолайластырылып, қурылыс жумыслары алып барылды. Байрам алдынан жаңа турақ жайдың тапсырылыўы аўыр турмыс машақатларын жеңип өтип, өмирдиң сынаўлы ғалма-ғалы менен жасап атырған қала турғынлары ушын үлкен қуўаныш болды.

Сондай-ақ, усы көп қабатлы турақ жайдың биринши қабатын да социаллық қоллап-қуўатлаўға мүтәж, аўыр шараятта жасап атырған пуқаралардың жасаўы ушын қолайластырыў бойынша жумыслар жуўмақланыў алдында тур.

# ЕКИНШИ МӘЎСИМ ЖЕҢИМПАЗЛАРЫ СЫЙЛЫҚЛАНДЫ



**Усы жыл 29-декабрь күни Нөкис қаласы 1-санлы балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебинде «Бес баслама олимпиадасы»ның екинши мәўсими Қарақалпақстан Республикасы басқышының жеңимпазларын сыйлықлаў мәресими болып өтти.**

Онда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев қатнасып, «Бес баслама параолимпиадасы» шеңберинде өткерилген «пара шахмат», «пара шашка», спорттың «пара жеңил атлетика», «пара стол тенниси», «пара киберспорт» ҳәм басқа да спорт түрлери бойынша жеңимпазларды қутлықлап, оларға саўғалар тапсырды.

Атап өтилгениндей, Президентимиздиң басламасы менен өткерилген олимпиада шын мәнисинде шетки аймақлардан ең күшли спортшы, ең талантлы ҳәм билимли жасларды жүзеге шығарыўда әҳмийетли басламаға айланды. «Бес баслама олимпиадасы»ның екинши мәўсиминде Қарақалпақстан Республикасы бойынша барлық пуқаралар жыйынларынан 300 мыңнан аслам жаслардың қатнасқанын бунның айқын мысалы сыпатында келтириўимиз мүмкин. Соннан олимпиаданың Өзбекстан Республикасы басқышында қарақалпақстанлы жаслар спорт жарысларында 11 алтын, 8 гүмис ҳәм 15 қола медалды қолға киргизди. Буннан тысқары, таңлаўлар бойынша жеке ҳәм командалық бағдарларда 5 биринши, 4 екинши ҳәм 10 үшинши орынды қолға киргизди.

Буннан кейин 16-21, 22-26 ҳәм 27-30 жас категорияларында ер балалар ҳәм қызлар арасында миллий күраш, стритворкаут, стол тенниси, волейбол, шахмат, шашка, киберспорт, стритбол, жеңил атлетика спорт жарыслары, «Қуўнақлар ҳәм зийреклер», миллий ҳәм заманагөй саз әсбаплары, жаслар аяқ ойыны таңлаўлары бойынша жеңимпазлар да сыйлықланды.

Жеңимпазларға ҳәм сыйлы орын ийелерине шөлкемлестириўшилер тәрепинен диплом ҳәм естелик саўғалары тапсырылды.

Сыйлықлаў мәресимине Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов қатнасты.

# ӘСКЕРИЙ ХЫЗМЕТКЕРЛЕР МОЙНАҚ РАЙОНЫНДА БОЛДЫ



**Жаңа жыл байрамы алдында алыс аймақлардағы социаллық-экономикалық раўажланыўы төмен болған аўыллардың халқына әмелий жәрдем көрсетиў, олардың жағдайынан хабар алыў, материаллық ҳәм руўхый жәрдем бериў мақсетинде Арқа-батыс әскерий округиниң басшылығы тәрепинен гезектеги «Армия ҳәм жаслар» қайырқомлық илажы Мойнақ районының Үшсай аўыл пуқаралар жыйыны аймағында өткерилди.**

Үшсай аўылы бир ўақытлары балықшылық раўажланған районның ең шетки аймағы есапланып, Нөкис қаласынан 220 километр узақта жайласқан. Аўылда қазақ тилине қәнигелескен 6-санлы улыўма орта билим бериў мектеби болып, онда 250 оқыўшы билим алады. Жақында ғана капитал оңлаўдан шығарылған мектеп жаңа имканиятларға ийе болып, оқыўшылардың терең билим алыўы ушын барлық шараят жаратылған.

Арқа-батыс әскерий округи сәркардасының басшылығында Нөкис қаласынан Мойнаққа жол алған әскерий хызметкерлердиң «Ўатанды сүйиўшилик ҳәм қайыр-сақаўат кәрўаны» мәнзилине жетип келиўи менен жаслар ҳәм халықтың кеўиллерине қуўаныш алып келди. Мектеп оқыўшылары әскерий хызметкерлердиң көргизбели шығыўларын тамаша етти, қурал-жарақ ҳәм әскерий техникалар менен жақыннан танысты. Нөкис гарнизонының әскерий оркестри атқарыўындағы Ўатанды жырлаўшы қосықлар бәршеде айрықша қызығыўшылық оятты. Балалар арасында жәмәәтлик ойынлар шөкемлестирилип, жеңимпазлар китаплар топламы ҳәм естелик саўғалар менен сыйлықланды.

Усы күни әскерий округ басшылығы тәрепинен мектептиң шақырыққа шекемги басланғыш таярлық класслары ушын көргизбе ҳәм оқыў қураллары, Қураллы Күшлер туўралы мағлыўмат беретуғын баннерлар саўға етилди.

Нөкис әскерий госпиталының қәнигели шыпакерлеринен ибарат медициналық бригада тәрепинен аўыл халқы тереңлестирилген медициналық тексериўден өткерилип, керекли мәсләҳәтлер берилди.

Арқа-батыс әскерий округи ҳәм район басшылары тәрепинен «Үшсай» аўыл пуқаралар жыйынында жасаўшы социаллық жәрдемге мүтәж төрт шаңарақтың ҳал жағдайынан хабар алынды. Оларға азық-аўқат өнимлери, кийим-кеншеклер, үй ҳәм асхана мебельлери тапсырылды.

Жаңа жыл алдында өткерилген бундай қайырқомлық илажлары ушын аўыл халқы әскерий хызметкерлерге миннетдаршылық билдирди.



# ҚАРАӨЗЕКТЕ 76 ШАҢАРАҚҚА БАЙРАМ САЎҒАЛАРЫ

**Жаңа жыл байрамы алдында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев Қараөзек районында болып, жәрдемге мүтәж шаңарақлардың ҳал-жағдайынан хабар алды.**

Оларды байрам менен қутлықлап, 76 шаңараққа азық-аўқат өнимлери, кийим-кеншеклер, балалар ушын саўғалар тапсырылды. Усы күни майыплығы болған ҳәм жумысқа жарамсыз еки пуқараға жәрдем сыпатында саўын сыйыр алып берилди.

Өз гезегинде район турғынлары көрсетилип атырған айрықша жәрдеми ҳәм итибары ушын Президентимизге, республикамыздың басшыларына миннетдаршылық билдирди.

# ШЫМБАЙДА ЗАМАНАГӨЙ БАЛАЛАР БАҚШАСЫ

**Усы жыл 29-декабрь күни Шымбай районы «Қостерек» аўыл пуқаралар жыйыны аймағында 35-санлы мектепке шекемги билимлендириў шөлкеминиң жаңа имараты пайдаланыўға тапсырылды.**

Онда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев қатнасып, жыйналғанларды Жаңа жыл байрамы ҳәм жаңа имараттың пайдаланыўға тапсырылыўы менен қутлықлады.

Илажда бүгинги күнде елимизде билимлендириў, соның ишинде мектепке шекемги билимлендириў тараўын раўажландырыўға қаратылып атырған итибар, жаратылған имканиятлар ҳәм шараятлар атап өтилди.

Қатнасыўшылар жаңа бақшада жаратылған шараятлар менен жақыннан танысты ҳәм тәрбияланыўшыларға Жаңа жыл байрамы саўғалары тапсырылды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев усы күни райондағы «Мүриўбет» майыплығы болған ер адамлар ушын арналған интернат үйинде де болды. Бул жерде жасап атырған қариялар, жасы үлкен нураныйлардың ҳалынан хабар алып, байрам менен қутлықлады ҳәм саўғалар тапсырды.



# «АРАЛ» КОМАНДАСЫНА МИКРОАВТОБУС ТАПСЫРЫЛДЫ




**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев «Арал» командасының футболшылары ҳәм олардың тренерлери менен ушырасып, Жаңа жыл байрамы менен қутлықлады.**

Илажда елимиз басшысының басламасы менен мәмлекетимизде спортты, соның ишинде миллионлар ойыны есапланған футболды раўажландырыўға қаратылып атырған айрықша итибарға тоқтап өтти.

Жоқарғы Кеңестиң Баслығы футболшыларды быйылғы жылғы әжайып ойынлары, соның менен бирге Про-лигаға жоллама алғанлығы менен қутлықлады. Келеси жылғы мәўсимде де жақсы ойынлар көрсетип, жанкүйерлердиң кеўлинен шығыўларына тилеклеслик билдирди.

— Республикамыз басшыларының бизге көрсетип атырған итибарынан миннетдармыз,-дейди «Арал» профессионал футбол клубының бас тренери Нағметулла Қутыбаев. — Келеси жылы бул исенимди ақлаўға ҳәрекет етемиз.

Жаңа жыл саўғасы сыпатында командаға микроавтобустың гилти тапсырылды.

Илажға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрманов қатнасты.

# ТӘРБИЯЛАНЫЎШЫЛАРҒА ЖАҢА ЖЫЛ САЎҒАЛАРЫ

**Усы жылдың 28-декабрь күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев Тақыятас «Балалар үйи»нде болып, жәмәәтти Жаңа жыл байрамы менен қутлықлады ҳәм тәрбияланыўшыларға саўғалар тапсырды.**

Бул жердеги шырайлы етип безелген Шырша әтирапында шөлкемлестирилген байрам кешесинде балалар тәрепинен таярланған ойынлар қойып берилди. Байрам алдынан балаларға Президентимиздиң саўғалары тапсырылды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы «Балалар үйи»ндеги бүгинги жағдайлар, тәрбияланыўшыларға жаратылған шараятлар менен танысты. Балалар ҳәмийше Президентимиздиң итибары ҳәм ғамқорлығында екенлиги атап өтилди. Сонлықтанда олардың келешекте кәмил инсанлар болып ержетиўи ушын бүгиннен баслап тийкар жаратылыўы тийис.

Бул жерде жаратылған шараятлар ҳәм айрықша ғамқорлық ушын жәмәәт атынан миннетдаршылық билдирилди. Ең баслысы, балалардың шадлы күлкилери кешеге өзгеше заўық бағышлады.



# КЕГЕЙЛИДЕ ЖАҢА КӘРХАНА ИСКЕ ТҮСТИ

**Жаңа жыл байрамы алдынан Кегейли районындағы «Aqtuba textil group» кәрханасының ашылыў мәресими болып өтти.**

Оған Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы А.Орынбаев, Әндижан ўәлаяты ҳәкими Ш.Абдураҳмонов, кәрханада ислеўши ҳаял-қызлар, нураныйлар ҳәм район халқы қатнасты. Атап өтилгениндей, жойбардың улыўма баҳасы 30 млрд. сум болып, 500 ҳаял-қызды турақлы жумыс пенен тәмийинлеў режелестирилген. Ҳәзирги күнде жаңа тигиўшилик кәрханасында 393 ҳаял-қыз турақлы жумыс пенен тәмийинленген болып, жойбардың жыллық қуўатлылығы 2,4 млн. дана трикотаж өнимлерин ислеп шығарыўға мөлшерленген.

Бүгинги күнде кәрхана тәрепинен Россия Федерациясы менен бир жыллық шәртнама дүзилип, ҳәзирги ўақытта кәрханада ерлер, ҳаяллар ҳәм балалар кийимлери сапалы ислеп шығарылмақта.

Жаңа тигиўшилик кәрханасының ашылыўы Кегейли районы турғынлары ушын ҳақыйқый Жаңа жыл саўғасы болды. Ондағы турақлы жумыс пенен тәмийинленген ҳаял-қызлар район басшыларына өзлериниң терең миннетдаршылығын билдирип өтти.

Ашылыў мәресиминиң жуўмағында қатнасыўшыларға районлық мәдeният бөлими хызметкерлериниң концерт бағдарламасы қойып берилди.

С.ОРАЗЫМБЕТОВ,
өз хабаршымыз.
Кегейли районы.



СҮЎРЕТТЕ: жаңа кәрхананың ашылыў мәресиминен көринис.

# ЖАҢА ЖЫЛҒА ЖАҚСЫ НИЙЕТЛЕР МЕНЕН

Әлбетте, бул әлемде жаратылыстың жаратып қойған затының бәриниң де өз есап-санағы, муғдары, жуўмағы бар. Мине, Жаңа жыл есик қағып кирип келди. Кейинги еки-үш жыл пүткил дүнья жүзи халқы аўыр сынақларды басынан өткерди. Климаттың өзгериўи, бир елде тынбай суў тасқынлары болып атырса, бир жерлерде ҳәдден зыят ыссы қурғақшылық, суўсызлық, оған қосымша бәрше елди өз ишине қамтыған пандемия пүткил халықты тәшўишке салды. Соның ишинде бизиң халқымыз да пандемияны өз басынан кеширди. Елимиздеги өз-ара аўызбиршилик, бир-биреўге деген баўырманлық, туўысқанлық, ел басшыларының тутқан туўры ислери нәтийжесинде солардың жәрдеми менен халқымыз бул сынаўдан мәрдана өтти. Халыққа азық-аўқат, дәри-дәрмақ, қулласы, не керек, барлығы өз ўақтында жеткерип берилип турды. Бул исте барлық тараў хызметкерлери бир болып бир жағадан бас шығарып, күни-түни халық хызметинде болып пидайылық пенен тынымсыз мийнет етти. Соның ишинде, медицина тараўы хызметкерлери өз ўазыйпаларын шын кеўилден атқарды. Айлап өз шаңарағынан жырақта болып, тек наўқаслар тәўир болып аман-саў өз үйлерине шығып кетиўин тилер еди. Халқымыз арасындағы бир-биреўге деген ҳүрмет, меҳир-муҳаббат, сақыйлық, сабырлылық, шүкирлик пенен жақсы күнлерге жеткерди. Елимизде адамлардың жасаў жағдайлары жылдан-жылға жақсыланбақта. Инсан қәдири ҳәм оның мәплери биринши орынға қойылып, әсиресе, кем тәмийинленген, бағыўшысы жоқ шаңарақларға мәмлекет тәрепинен ҳәр тәреплеме жәрдемлер берилмекте. Әсиресе, жасларға жақсы итибар қаратылып, олардың оқыўы, бәнтлигин тәмийинлеў, бәри есапқа алынып избе-из шешилмекте. Алыс-алыстағы аўыллар да қалалар менен теңлесип бармақта. «Абат мәкан» улыўма миллий жойбары шеңбериндеги «Әҳмийетли 40 күнлик» жумысларының шөлкемлескенлик пенен өткерилиўи де әтирап-аймағымызды танып болмас дәрежедеги көринисти пайда етпекте.

Ел басшыларымыз халықтың арасына кирип барып, шешилмей атырған машқала, ойландырып жүрген мәселелерин сол жердиң өзинде шешип, жақыннан жәрдемлер бермекте. Қулласы, адамлардың жақсы жасаўы ушын барлық мүмкиншиликлерден толық пайдаланылмақта. Және де айтайын дегеним, усы жылдың 20-декабрь күнги Президентимиз Ш.Мирзиёевтиң Олий Мажлиске ҳәм Өзбекстан халқына Мүрәжатын дыққат пенен тыңлағанымызда мәмлекетимиз басшысы миллий раўажланыўдың жаңа дәўирине беккем қәдем қойып атырғаны турмысымыздың барлық тараўларында үлкен өзгерислер жүз берип атырғанын айтып өтти. Президентимиздиң кирип киятырған жылды «Инсанға итибар ҳәм сапалы билимлендириў жылы» деп атама бериўи де усы жылдағы әмелге асырылып атырған жумыслар келеси жылы да даўам етип, инсан қәдири жоқары екенлигиниң айқын көриниси деп ойлайман.

Президентимиз медицина тараўы бойынша да халқымыздың жоқары ҳәм сапалы медициналық хызметлерден пайдаланыў имканиятларын және кеңейттирилиўин атап өтти. Бул әлбетте, инсан саламатлығының еле де беккемлениўинде әҳмийетли болары анық. Себеби, инсан қаншелли саламат болса, елимизде раўажланыўлар, барлығы да болады.

Алтын босағамызға жақсы нийетлер менен жақынлап қалған Жаңа жылымыздың қәдемлери қутлы ҳәм сәтли болып, елимизге тынышлық алып келсин!

**Карима ПАЙЗУЛЛАЕВА,**
**С.Султанов атындағы Республика Фтизиатрия ҳәм пульманология орайының шөлкемлестириў бөлими мийирбийкеси.**

# ЖАҢА ЖЫЛ ҲӘЗИЛЛЕРИ

— Достым, Жаңа жылда көбирек ишип көшеде қалып қойған жоқсаң ба? Бетиң тырналған, қан. Кийимлериң де жыртылыпты. Жүр, үйиңе, қурдасқа апарып қояйын.

— Керек емес, өзим үйден киятырман...

* * *

Жигит:
— Әзизим, Жаңа жыл күни бир нәрсениң расын айтыўым керек.
Қыз:
— Не екен ол?
Жигит:
— Мен... үйленгенмен.
Қыз:
— Жумбақлап жүрегимди жардыңыз ғой. Мен машинаңызды урлатып алдыңыз ба, деп ойлаппан.

* * *

Ҳаялы:
— Үйленбесиңизден бурын «аспандағы айды алып беремен» деп ўәде еткенсиз. Мине Жаңа жыл...
Ери:
— Мен саған алтын сырға алып беремен, деп ўәде етпедим.

* * *

— Хожайын, сизге Жаңа жылға атағаным.
— Бул не, пара ма?
— Жоқ, саўға.
— Ҳимм... онда және қосып.

* * *

Жаңа жыл бәзиминде неге ҳәмmениң көз алдында мени «ақмақсаң» дедиң?
— Кеширерсиз, достым. Бунның сыр екенин билмеппен.

* * *

— Достым, Жаңа жылда үйленемен, деп едиң.
— Аўа, бирақ тапқан қызларым анама жақпай атыр.
— Онда анаңның өзине уқсағанынан тап.
— Таптым, ол әкеме жақпады.

* * *

Досты достына телефон етип атыр:
— Жаңа жылда маңлайың қурыйтуғын болды.
— Неге?
— Ҳаялым жаңа көйлек сатып алды.
— Бунның маған не байланысы бар?
— Бар, әлбетте! Ҳаялым Жаңа жылда үйиңе барып көйлегин ҳаялыңа көрсетпекши.

**Жапақ ШАМУРАТОВ.**

ЖЫНАЯТ ҲӘМ ЖАЗА

# БИР НЕШЕ МӘРТЕ «САТЫЛҒАН» ИМАРАТ

Өзбекстан Республикасы Президентиниң ПП-6243-санлы Пәрманы ҳәм ПҚ-138-санлы қарары тийкарында Бас прокуратурада жаңадан Жер ресурсларының талан-тараж етилиўиниң алдын алыў басқармасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаят прокуратураларында оның бөлимлери дүзилди.

Бөлим дүзилгеннен баслап, Қарақалпақстан Республикасы бойынша жер майданларын сатыў, олардан нызамсыз пайдаланыў ақыбетинде зыян жеткериў ҳәм жер менен байланыслы басқа да нызам бузылыў жағдайларын анықлаў бойынша бир қатар жумыслар әмелге асырылмақта.

Атап айтқанда, пуқара А.А өзиниң жынайый ҳәрекетлери ҳәм режелери менен өзине тийисли болған Қоңырат районы, «Санъат» МПЖ, К.Нурмухаммедов көшеси 12-жайда жайласқан «Автогараж ҳәм оңлаў устаханасы» имаратын бир неше шахсларға сатыўға ҳәрекет еткен. Мәселен, ол пуқара М.Хның 343 млн. сум пулын алдаўшылық жолы менен қолға киргизип, бул имаратты оған толық сатыўды ўәде етип, әмелде бермеген. Сондай-ақ, бул имаратты пуқара Ф.М ҳәм оның шериклерине 1 млрд. сумға сатыўды ўәде етип 715 млн. 180 мың сум пулын қолға киргизип, имараттың 3962.75 кв. метриниң Ф.Мның атына өткерип берилгенлиги ҳаққында алды-сатты шәртнамасын рәсмийлестирген. Және бул имаратты пуқара Б.Пға 1 млрд. 300 млн. сумға сатыўды ўәде етип, 1 млрд. 300 млн. сум пулын қолға киргизип, имараттың 3962.75 кв.метриниң Б.Пның атына өткерип берилгенлиги ҳаққында алды-сатты шәртнамасын рәсмийлестирген. Кейин ала сатыўға ўәкиллик бериўши М.Хның атына рәсмийлестирилген «Исеним хаты»н 2021-жыл 17-ноябрьде өз интасы менен бийкар етип, бул «Исеним хаты»ның бийкар етилгенлигин М.Хға хабар бериўди өзиниң мойнына алып, ҳақыйқатында оған хабар бермей ҳәм имараттың 3962.75 кв. метрин Б.Пға өткерип берген болса да, бул алды-сатты шәртнамасын ҳақыйқатлыққа туўра келмейтуғын, ҳақыйқыйлығы гүман туўдырыўшы ҳәм Б.Пның мәплерине улыўма сай келмейтуғын яки логикаға қайшы болған «келисим ҳәм алды-сатты шәртнама, тилхат»ларды компьютерде жазып таярлап, Қарақалпақстан Республикасы Пуқаралық ислери бойынша Нөкис районлараралық судына усынған. 18-апрель күнги судтың шешиўши қарары арқалы Б.Пның атына имараттың ярымын өткерип бериў ҳаққындағы алды-сатты шәртнаманың бийкар етилиўине ерисип, имараттың 3962.75 кв. метрин Ф.Мның атына өткерип берилген алды-сатты шәртнамасын тийисли тәртипте бийкар еттирип жибериўди гөзлеген ҳалда ҳәрекет еткен. Ҳақыйқатлыққа туўра келмейтуғын, ҳақыйқыйлығы гүман туўдырыўшы ҳәм Ф.Мның мәплерине улыўма сай келмейтуғын яки логикаға қайшы болған «келисим ҳәм алды-сатты шәртнама, питим ҳәм талапнама»ларды компьютерде жазып таярлаған. Бул алды-сатты шәртнамасын бийкар еттириў ҳәрекетлерин көрип атырған бир пайытта, оған бул имарат жайласқан жер майданын 1 млрд. сум пулға сатаман деп, әўели усы жер майданының кадастр ҳүжжетлерин таярлап бериўине 48 млн. сум пул керек деген жалған ўәжлер менен және пулларды қолға киргизиўди мақсет еткен. Оның бул режесин Ф.М сезип, алдаўшылық ҳәрекетлерине шек қойыў ушын ҳуқық қорғаў уйымларына еткен мүрәжатына тийкар өткерилген оператив илаж нәтийжесинде, яғный, 2022-жыл 5-апрель күни Нөкис қаласында жайласқан «Қәнигелестирилген қурылыс материаллары» ЖШЖ базары жанындағы «Bella Luce» саўда дүканының ишинде Ф.Мның 48 млн. сум пулларын алдаўшылық жолы менен алған ўақтында айғақлы дәлиллер менен қолға түскен.

А.А алдаўшылық, яғный, алдаў яки исенимди өз мәпине пайдаланыў жолы менен өзгениң мүлкин яки мүлкине болған ҳуқықын тәкирар қолға киргизиўге болған жынайый ҳәрекетлери менен Жынаят кодексиниң 25, 168-статьясы 3-бөлими «б» бәнтинде көрсетилген жынаятты қастан ислеген.

Жынаят ислери бойынша судының 2022-жыл 25-октябрьдеги ҳүкими менен А.А.Өзбекстан Республикасы ЖКниң 25, 168-статьясы 3-бөлими «б» бәнти ҳәм 168-статьясы 4-бөлими «а» бәнтинде көрсетилген жынаятларды ислегенликте айыплы, деп табылып, оған 9 жыл азатлықтан айырыў жазасы тайынланды.

**Абдижаббар ХАЛМУРАТОВ,**
**Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының бөлим баслығы.**

# КӨРГИЗБЕГЕ О.ТАНСЫҚБАЕВ ҲӘМ В.УФИМЦЕВТЫҢ БИЙБАҲА ДӨРЕТПЕЛЕРИ ҚОЙЫЛДЫ

**И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем өнер музейинде «Бухара ҳәм Самарқанд авангард художниклер Виктор Уфимцев ҳәм Орал Тансықбаев нәзеринде» деп аталған көргизбе ашылды.**



Көргизбеде тийкарынан ХХ әсирдеги өзбек художниклериниң Түркистан авангарды бағдарының алтын фондына киргизилген картиналары орын алған.

Көргизбе ушын музей хызметкерлери тәрепинен бийкарға бул еки художниктиң мийнетлери таңлап алынбады. Атап өтилгениндей, олардың ҳәр бириниң өзине тән усылы бар болыўына қарамастан, барлық шығармалары бир ғана — Шығыс ҳәм оның рәң-бәреңлигинен илҳамланып дөретилгени ҳәм соның менен бирге, графикалық жақтан бир-бирине уқсаслығы менен айрылып турады. Таңлап алынған шығармалар арасында «Бухара. Мазар», «Бухара. Жабық базар», «Самарқанд», «Шахи Зинда» картиналарын көрген тамашагөй сол дәўирдиң орталығы, адамлары, олардың кийиниў усылы, турмыс тәризи ҳәм әтираптағы тәбият ҳаққында тәсирлерге ийе болады.

В.Уфимцевтың «Бухара. Жабық базар» картинасы тамашагөйлерде қызығыўшылық оятары сөзсиз. Бул шығармада күнделикли турмыс тәшўишлери менен базарда жүрген әпиўайы адамлар сәўлеленген. Сибирьде туўылып өскен художник 1924-жылы Бухара архитектуралық естеликлерди үйрениў экспедициясы ағзасы сыпатында Бухара ҳәм Самарқанд пенен танысады. Ол архитектуралық естеликлерден көре тасланды қәбирлерди, кәрўансарайларды, ақыры жоқ көшелерди сүўретлеўди унатқан.

Көргизбеден, сондай-ақ, О.Тансықбаевтың 1930-1932-жыллар аралығында қала ҳәм аўыллар бойлап еткен саяхатынан тәсирленип дөретилген шығармалары орын алған. Атап айтқанда, Бийбиханым мешити, Шахи-Зинда мақбаралар ансамбли, қараўсыз қалған ески қәбирстанлар сәўлеленген пейзажлар бар.

— Музейимиз коллекциясында О.Тансықбаевтың 300 ге шамалас жумыслары бар. Солардың айырымлары ғана көргизбеге қойылды, -дейди музейдиң сүўретлеў бөлими илимий хызметкери Азиза Мнажова. — Ол саяхатлары даўамында пейзажларды дөретип қоймастан, Самарқандтағы архитектуралық объектлерди графикалық жумысларында сәўлелендириўге ҳәрекет еткен. Ал, В.Уфимцев Самарқанд ҳәм Бухарадағы архитектуралық имаратлардан илҳамланып, өзин кубизм бағдарында сынап көреди. Соңынан ол Өзбекстанда жасап қалған. ХХ әсирдиң биринши ярымында көплеген рус художниклери Орайлық Азияға келгенде Самарқанд, Бухара, Хийўа сыяқлы ески қалалардың өзгеше архитектуралық көринисинен тәсирленип, усы жерде қалған ҳәм көплеген жумысларын дөреткен.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

# ҲӘЗИЛ-ШЫНЫ АРАЛАС

Қырсықбай менен Данабай гүрриңлесип отыр.

— Жора, жасымыз болса биразға барып қалды. Сизге бир сораўым бар, жора. Өтирик-өсекти жырлаўды қалай үйренемиз?

—– Ой, Қырсықбай жора! Өтирик-өсекти үйрететуғын оқыў орнында «Коррупцияға қарсы» деген факультет бар. Онда пара алыў ҳәм алмаўдың жолларын үйретеди. Әйтеўир адамды қабыллай бермейди, сынап-минеп алатуғын қусайды.

Дипломды алғаннан кейин мәкемениң бос креслосына отырған соң жумысты халықтың ҳәлсиз, яғный, ҳуқықты онша биле бермейтуғын қатламынан баслап дузақты сырттан таслайсаң, болмаса қармаққа илинесең.

Жасларға ҳасла тиймейсең. Адам қабыллағанда қараўылға айтып қойыў шәрт. Олар дийўалдың арғы жағында турып сөйлессин.

Ҳуқықын биле бермейтуғын адамлар қамырдай қайысып, теренде жатқан ылақадай таўланып саған бойсынбаса маған кел, - деди ол. Данабай:

— Өтирик-өсектиң есиги үлкен. Ҳәзир усы жасында өтирикти расқа айландырып жырлайтуғын болсаң, билмедим. Қырсықбай жора, сениң ақылыңа тән бердим. Рас гәпти келистире алмай жүргенимде өтирик-өсекке жол болсын! Мен мынадай қарарға келдим. Мен тырнағы өткир бир қусты тәрбиялап, өтирик-өсекти жырлайтуғын ҳәмелдарларға жиберсем, тырнағы менен бир-еки бүрсе, өзлери де инсапқа келмес пе екен?!..

**Қ.БИЙИМБЕТОВ.**
**Нөкис қаласы.**

# СОЗАНАЙ

ГҮРРИҢ

Муҳаббат қолын сүлгиге сыпырып атырып, қайтадан қолын жуўыўға асықты. Себеби, сүлги қолдың кирлерин топлай берип, майлыққа айланған еди. Асханаға кире беристе бузылып кеткен қалдық аўқатлардың бәд ийиси мурнын ашытып жиберди.

«Эҳ, ҳе, булардың ширип кетпей отырғанын айт», деген ой менен ишке қарай сүңгиди. Бирақ, еденге аяғы жабысып, шулығын зорға тартып алып, изге қайтыўға мәжбүр болды. Едендеги май жуқлары аяққа желимдей жабысатуғын дәрежеге келген екен.

Бул көринислер Муҳаббатты пүткиллей жерге көмип таслады. Ебетейи жоқ келини буннан алты ай алдын көшип келген таза имаратты усы аўҳалға алып келгенине жағасын услады.

Еки жасар ақлығының кийимлери ҳәр жерде жайрап жатыр. Баланың ойнап ылақтырып кеткен ойыншықлары, жеген шоколадларының қағазлары, дийўалды сызып, жаман қолы менен услаған ўақтағы қалған дақлары, бәри-бәри үйди қараўсыз қалған қарабақанаға айландырғаны Муҳаббатты түңилдирип жиберди.

Үлкен келини Шәригүлдиң гәп-сөзине онша исенбеген Муҳаббат келининиң ҳақыйқатында да пасманда екенлигине көзи жетти. Басқа шығармастан алдын итибар бермеди ме ямаса басқа шықса өзиниң үйи еплеп алып кетер, деп ойлады ма...

Жуўынатуғын ханаға кирмеди. Егер ол жерге кирсе биротала мазасы қашатуғынлығын билди.

— Енди не қылсам екен? Бул турыста баламның өмири ыбырсықтың ишинде өтетуғын болды. Ким менен болса да мәслəҳәтлесип, келинди қалай тәрбиялаў кереклиги бойынша бас қатырыўым керек, деп ойлады. — Ендиги жағында тәрбиялаған менен келе болып кетер ме екен? Әй, билмедим, нагүман.

Абысыны келинине жақсы ат қойғанлығын еслеп, мыйық тартты. «Созанай». Ҳимм, созанай, созылып жүре береди-дә. Я созылып болмайды.

Оның ойына сап етип бир ақыл келди. Келинди жаңа усыл менен тәрбиялаў керек. Баласы Камалды шақырып алды да, кеште бир-еки қурдасларын усы жерге ертип келип, шай берип күтип жиберетуғынлығын айтты.

Отырыспа қызды:

— Муҳаббат, енди ол айтқан ойларыңыз жүдә жақсы. Егер балаңыз Камалды үйлендириў ойыңыз бар болса, мениң бир бахты келиспей қайтып келип отырған сиңлимниң қызы бар, - деди қурдасы Жәмийла даўысын бәлентлеп. — Енди қызбысаң, қыз. Қолынан келмейтуғын өнери жоқ. Аўқатты писиргенде бармағыңды сорып қала бересең. Көрпе-төсекти сырып, қысқа арнап жазы менен түрли-түрли банкилерди басып таслайды. Үйдиң иши жалап қойғандай, айнадай тап-таза. Излеп шаң таба алмайсаң. Дым азада. Өзине де жақсы қарайды. Шырайлы нашар. Тап меники болғанда, деп қәлеген еркек тамсанып турады. Тек барған жери қәдирин билмей, ажырасып еди.

Жәмийла сиңлисиниң қызын мақтаўын аспанға жеткерип еди, оған жарыса екинши қурдасы Палсәнем қосылды:

— Муҳаббат, ал, сен мени есит! Мениң Айгүл деген достым бар. Ал, енди, соның сәл отырыңқырап қалған қызы бар. Сениң Камалыңа жүзикке қас қойғандай жарасады. Ай десең аўзы, күн десең көзи, пах. Әне соны келин қылсаң маңлайың еки ели ашылып қалады. Жүдә пәкизе, тазалықты жақсы көреди. Шаққанлығын айтпайсаң ба, жумыс ислегенде көзиң илмей қалады. Нағыз Бийбипатманың тұқымы.

Ишке шай-аўқат тасып жүрген «Созанай» келин ҳайран. «Неге енди олар Камалды үйлендиремиз деп атыр? Мен бар емеспен бе? Азада, тазалықлы, шаққан келин керек болып атырған екен-дә» деген ой менен хызмет етип жүр. Ҳәр киргенинде бир қызды аспанға шығарып мақтап атырған болады.

Қонақлар тарқасты. Муҳаббат та ҳеш нәрсе айтпастан үйине қайтты.

Арадан үш күнди өткерип, Муҳаббат баласы Камалдың үйине кирип келди. Есикти ашыўдан алжасып кетпедим бе екен деп, екиленип турды. Үйдиң иши сондай дәрежеде таза, азада. Ҳәмме нәрсе жаңаланған. Көрип, аўзы ашылып қалды.

Асханада май басып қатып қалған ошақ жылтырап тур. Еденге қарасаң өз сәўлеңди көресең. Жуўыныў ханасынан хош ийис аңқып тур. Жайрап жатқан заттың өзи жоқ. Я бир шаң көринбейди. Оны күтип алған «Созанай» келинин де таныма й қалды. Өзине де қатырып пардозды берипти. Нағыз үй бийкеси, шырайлы келин болып қалыпты.

«Ер бермек, жан бермек» деген усы екен-дә. Қурдаслары менен келинине берген сабағы бир өмирге татығай, деп сүйсинген Муҳаббат келинин баўырына басты.

**Минажатдин ҚУТЛЫМУРАТОВ.**

БИЛИМЛЕНДИРИЎ

# КИТАПҚА ҚЫЗЫҚТЫРЫЎ – ҲӘММЕНИҢ ЎАЗЫЙПАСЫ

Өсип киятырған жас әўладтың ҳәр тәреплеме билимли, раўажланған болып камалға келиўинде китаптың тутқан орны үлкен. Лекин, жасыратуғыны жоқ, ҳәзирги балаларымыздың басым көпшилигине китап оқыў жақпайды. Неге? Себеби, үйде телевизор, видеомагнитофон, ҳәр қыйлы дисклер, компьютер, қолларында телефон бар. Ата-ана турмыс ғалма-ғалы менен ўақты болмайды. Ҳәтте көпшилик ата-аналардың өзлери китап оқыўға қызықпайды. Ал, гейбир ата-аналар балалары ушын барлық мүмкиншиликти туўдырып береди. Сонда да балалары китапқа қызықпайды, себеби, ата-ана оларды қадағалаўға ўақыт таппайды. Тек 1 саат ўақытты баласы ушын ажыратып шуғылланса, нәтийжеси қандай жақсы болар еди. Айырым жаслардың руўхый дүньяқарасы сайыз, шыдамсыз, мийнетке уқыбы кем. Ата-ана да «Бул күнлерди өзимиз көрмедик, балаларымыз еркин жасасын» деп оларды тежемейди, үлкейсе, басына түссе өзи-ақ үйренеди, дейди. Нәтийжеде бундай перзентлер турмыста қатты қыйналады.

Китап инсанға турмысты терең үйрениўге, руўхый дүньясының байыўына, нәзикликке, гөззаллыққа, батырлыққа, көрегенликке тәрбиялайды. Рус жазыўшысы М.Горький «Өзимдеги барлық жақсы пазыйлетлер ушын китаптан миннетдарман» деген екен. Ол ушын мектепте баслаўыш класс муғаллими, әдепнама, әдебият муғаллимлери китаптан үзинди оқып, изин мына китаптан оқып алың, деп үйретиўи, үйде ата-ана, кемпир апа ямаса аталары талап етиўи, үйретиўи тийис. Соның менен бирге, балаларымызға хат жазыўды үйреткен мақул болады. Ҳәтте, буған ҳәзирги жасларымыз «Хат?...» деп күледи. Себеби, телефон, басқа да байланыс қураллары бар, бирақ, онда ишки сезимлер хаттағыдай анық сүўретленбейди, адамды елжиретпейди, анық туйғылар жетип бармайды, оны оқығандағы тәсирлениўлер, жазғандағы толқынланыўлар телефонда аз болады. Хат дегенди тек жақсы көрген инсаныңа ғана емес, ал, достыңа, ата-анаңа, ини-қарындасыңа, апа-сиңлиңе, ҳәтте, душпаныңа да жақсы сөзлер менен жеткериў мүмкин. Жиберилмейтуғын хатлар да болады. Инсан кимгедур өкпелесе, қыйналса, айта алмаса ишки туйғы-пикирлерин қағазға төгип, кеўлин босатады. Ол денсаўлыққа да пайдалы, ызаң ишиңнен төгилгеннен соң жеңилленесең, ўақыт өтип және оқып, өзиңе тәселле бересең. Жасларға китап оқыўды үйретиў, қызықтырыў тек муғаллим я ата-ананың ғана емес, ал, ҳәмmениң ўазыйпасына айланыўы керек.

**Зухра ЖАПАҚОВА,**
**Қоңырат районындағы 6-санлы улыўма билим бериў мектебиниң баслаўыш класс**

## БИЙКАР ЕТИЛЕДИ

Кегейли районындағы «Нурлы Бостан» МПЖның дөңгелек мөри ҳәм төри мүйешли таңбасы жойтылыўына байланыслы бийкар етиледи.

* * *

«AYDANA BAXORA» ЖШЖниң дөңгелек мөри жойтылыўына байланыслы бийкар етиледи.

«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»— «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»



Бас редактордың ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай

Газета А-2 форматында ҳәптесине 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм репортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есапшы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «TEZKOR-MATBAA» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардан көлеми 5 беттен зыят (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши редактор: Б.КАРАМАТДИНОВА.

Нәўбетши: З.ДОСНАЗАРОВА.

Буйыртпа №3 — 156

Индекси: пуқаралар ушын: 2008. кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.